

TRAFIK KONPARE AK KONTREBANN

Trafik moun enplike itilizasyon fòs, fwod, oubyen kontrent pou jwenn yon sèten kalite travay oubyen komès sèks, oubyen ladan moun k ap pratike komès sèks la anba laj 18 lane.

Kontrebann moun se vyolasyon delibere lwa imigrasyon yo nan fè rantre moun ki pa sitwayen san papye Etazini epi transpòte ak ebèje ilegalman moun ki pa sitwayen san papye ki deja Etazini.

Sa yo se tèm ki *pa* ka chanje

Kontrebann baze sou transpòtasyon epi se yon krim kont yon fwontyè
Trafik moun baze sou eksplwatasyon epi se yon krim kont yon moun



Repòte Trafik Moun nan: 1-888-373-7888
www.dhs.gov/bluecampaign

IDENTIFYE TRAFIK MOUN-MANDE TÈT OU:

- Èske viktim nan gen an posesyon li pwòp dokiman idantifikasyon ak dokiman vwayaj li yo?
- Èske yo konseye viktim nan sou kisa pou l di manm kominote yo, travayè yo, fòs lòd yo ak ajan imigrasyon yo? Èske gen yon lòt moun ki kominike pou viktim nan?
- Èske viktim nan te rekrute pou yon objektif espesifik men yo vin fòse l pou angaje l nan lòt travay?
- Èske yo kenbe salè viktim nan ilegalman pou peye yon dèt oubyen yon frè? (Peye frè kontrebann pa konsidere kòm trafik.)
- Èske yo fòse viktim nan pou l fè komès sèks?
- Èske viktim nan oubyen fanmi li te menase si yo ta eseye kite?
- Èske yo te menase viktim avèk depòtasyon oubyen pouswit penal?
- Èske viktim nan te blese, pa t jwenn manje, dlo, dòmi, swen sante, oubyen lòt bagay ki nesèsè pou lavi?
- Èske viktim nan te lib pou kontakte zanmi oubyen fanmi san li pa konseye oubyen siveye?
- Èske viktim nan anba laj 18 lane epi angaje nan komès sèks?
- Èske viktim nan ap viv nan yon kay ki sal?